# Қоңырат районындағы 8 мектепке 1 ярым миллиардтан аслам сўмдағы инвентарлар жеткерип берилди

**Соңғы жыллары мәмлекетимиз тәрепинен билимлендириў тараўына үлкен итибар қаратылмақта. Билимлендириў мәкемелериниң материаллық-техникалық базалары толықтырылып, заманагөй инвентарлар менен тәмийинленип келинбекте. Бул өз гезегинде оқыўшылардың сапалы билим алыўына имканият жаратады.**

**Image not found or type unknown**

Қоңырат районында 49 улыўма орта билим бериў мектеплери ҳәм 1 “Баркамал әўлад” балалар орайы гезектеги оқыў жылына таярлық көрмекте.

Image not found or type unknown

2020-2021-оқыў жылында мектеплерде 25716 оқыўшыға 2513 педагог хызметкерлер тәлим-тәрбия бермекте. Жаңа оқыў жылына 8 мектепке (2, 10, 12, 37, 47, 52,54,55-санлы) 1370 дана парта, 102 дана муғаллимлер столы, 204 дана китап шкафы, 204 дана кийим шкафы, 102 дана муғаллимлер стулы ҳәм 102 дана тахталар сыяқлы жәми 1 миллиард 512 миллион 732 мың сўмлық инвентарлар жеткерип берилди.

Image not found or type unknown

Сондай-ақ, гүз-қыс мәўсиминде оқыў ханаларында жыллылықты тәмийинлеў мақсетинде режели ислер әмелге асырылмақта. Билимлендириў мәкемелеринен 23 улыўма орта билим бериў мектеплерине жәми 752 тонна жанылғыға (соннан 102 тонна көмир, 650 тонна брикет) буйыртпа берилген болып, бугинги кунде

билимлендириў мәкемелерине тарқатылмақта.

Билимлендириў бөлимине қараслы "Бостан" мәкан пуқаралар жыйыны аймағында жайласқан 37-санлы улыўма билим бериў мектебине сметалық баҳасы 5 миллиард 107 миллион сўмлық косымша 540 оқыўшы орынға мөлшерленген жаңа оқыў корпусы, "Қоңырат" аўыл пуқаралар жыйыны аймағында жайласқан 45-санлы улыўма билим бериў мектебине 1 миллард 43 миллион сўмлық 9х18 өлшемдеги спорт зал имаратын қурылыс-оңлаў жумыслары әмелге асырылып атыр.

Image not found or type unknown

Қурылыс-оңлаў жумысларын сентябрь айына жуўмақлап, жаңа оқыў жылына пайдаланыўға тапсырыў режелестирилген.

Быйыл районда жәми 2868 оқыўшы ана мектепке туңғыш қәдемлерин таслайды. Олар келешекте мәмлекетимиздиң раўажланыўы ушын өз үлеслерин қосады деп, исенемиз.

Қоңырат районы ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети